



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN KOMISYON KONJWEN SOU ETIK PIBLIK LA

Jose Nieves ap sèvi kòm Prezidan an epi Sharon Stern Gerstman ap sèvi nan Komisyon an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon nan Komisyon Konjwen sou Etik Piblik (Joint Commission on Public Ethics) la. Gouvènè ap nome Jose Nieves pou sèvi kòm Prezidan Komisyon an epi Sharon Stern Gerstman pou sèvi nan Komisyon an. De moun yo nonmen yo pral ranpli syèj vid ke Robert Cohen ak James E. Dering ap lèse, paske yo pral ksoti nan wòl yo.

"Retabli konfyans nan gouvènman an se yon pi gwo priyorite pou administrasyon mwen an, e ki gen ladan ranfòse sipèvizyon etik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jose Nieves ak Sharon Stern Gerstman se pwofesyonèl ki byen respekte e ki gen talan ki pral respekte angajman nou an favè yon gouvènman ki ouvè, ki gen etik epi ede transfòme non sèlman gouvènman eta, men sa ki plis enpòtan, imaj ak pèsèpsyon moun yo de gouvènman eta yo."

Jose Nieves, fondatè Law Offices of Jose L. Nieves & Associates, dedye lavi li nan sèvis piblik kòm yon pwokirè ki pase yom karyè, veteran lame ak lidè kominotè pou plis pase ven ane. Anvan li te fonde kabinè avoka li a, Mesye Nieves te travay pou Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la kòm yon Chèf Adjwen nan Inite Envestigasyon ak Pouswit Espesyal. Mesye Nieves te sèvi avèk Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Etazini an, Administrasyon Aviyasyon Federal kote li te sipèvize ankèt ak pouswit divès vyolasyon Règleman Aviyasyon Federal (Federal Aviation Regulation, FAR) pa pilòt yo, transpòtè ayeryen ak mekanik avyasyon ak pou Depatman Zafè Koreksyonèl, ak Divizyon Pwosè ak Litij Vil New York. Li te yon Kapitèn nan Rezèv Lame Etazini an pou plis pase 10 zan e li te deplwaye an Afganistan an 2009. Pandan li te nan lame a, Mesye Nieves te pouswiv enfraksyon agresyon seksyèl ak lòt move kondwit pa manm sèvis Ameriken yo epi yo te mande li tou pou sèvi kòm yon Avoka Etazini Espesyal pou biwo Pwokirè Etazini an nan Distri Nò New York kote li te pouswiv ka nan tribinal federal la. Pandan deplwaman li nan Afganistan, li te GEN misyon eta dedwa nan Pwovens Laghman. Li te konsantre sou konseye Jij Afganistan yo, Avoka Defans yo ak Pwokirè yo konsènan zafè lwa penal, pledwari ak administrasyon an ak sistèm jistis penal ki te fèk fòme yo a. Mesye Nieves te enkontounab tou nan sipèvize gwo pwojè enfastriki ki te enkli renovasyon yon palè jistis ak etablisman detansyon pwovizwa a. Li te sèvi nan militè a jiskas 2014 lè li te

resevwa yon dechaj onorab. Mesye Nieves te kòmanse karyè li nan Biwo Pwokirè Distrik Konte Kings lan (Kings County District Attorney's Office) kòm yon Sibstiti Pwokirè Distri a. Pandan manda onz ane li a, li te avanse nan pozisyon Avoka ak pouswiv dè santèn de ka kriminèl ki gen ladan envestigasyon alontèm sou estipefyan, enfraksyon ki gen rapò ak zam, vòl, kabriyolaj ak ka atakansanm ak lòt krim vyolan. Mesye Nieves te gradye nan St. John's University nan Queens ak yon Diplòm nan Jistis Penal e li te resevwa yon Doktora an Dwa nan Brooklyn Law School.

Sharon Stern Gerstman se konseye nan kabinè avoka Buffalo, New York nan Magavern Magavern Grimm LLP. Li konsantre nan domèn medyasyon ak abitraj, litij ak pratik apèl. Madam Gerstman te Prezidan Asosyasyon Bawo Eta New York an 2017-2018, li te sèvi nan Konsèy Gouvènè yo nan Asosyasyon Bawo Ameriken an epi li kontinye sèvi nan Chanm Delege a. Li se yon ansyèn direktis nan Asosyasyon Bawo nan Konte Erie ak yon ansyèn Prezidan Fondasyon Bawo Konte Erie ak Prezidan Women Lawyers nan Rejyon Lwès New York. Li te resevwa anpil prim nan divès asosyasyon bawo e li se yon manm avi nan Fondasyon Bawo Ameriken an ak nan Fondasyon Bawo Eta New York la. Li se yon manm eli tou nan American Law Institute (Enstiti Dwa Ameriken) la. Li te anseye nan lekòl dedwa nan University of Toledo (Inivèsite Toledo), University of Missouri-Kansas City (Inivèsite Vil Missouri-Kansas), ak University at Buffalo (Inivèsite nan Buffalo), kote li te anseye Pratik New York pandan 30 ane. Li se otè anpil atik revyi sou lalwa, se yon ko-otè New York Civil Practice (James Piblikasyon), epi li nan komite redaksyon nan Weinstein Korn ak Miller, New York Civil Practice: CPLR. Anplis ansèyman nan lekòl dwa, eksperyans pwofesyonèl Madam Gerstman gen ladan 29 ane sèvis kòm Pwokirè/Abit ak Grefye Prensipal nan Tribinal Siprèm Eta New York la, kote responsablite prensipal li te negosye zaf kafè sivil yo jiska règleman an. Madam Gerstman te resevwa Diplòm li nan Brown University (Inivèsite Brown), doktora an dwa li nan University of Pittsburgh (Inivèsite Pittsburgh), ak metriz li nan dwa nan Yale Law School.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)